

## Enskri pou egzamen SHSAT a avan delè vandredi 4 novanm lan!

Chè fanmi,

Vandredi 4 novanm lan se dènye jou pou enskri pou Egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize (SHSAT) a! Si w enterese aplike nan yon [Lekòl segondè espesyalize ki bay egzamen](#), fason pou aplike se egzamen an pou pran.

**Enskri sou entènèt avèk kont [MySchools.nyc](#) ou a.** Ou ka enskri tou atravè konseye lekòl ou a pandan jounen lekòl la.

N ap fè elèv ki enskri ak lekòl yo konnen lè tikè yo pre pou enprime nan MySchools. Tikè w la ap gen ladan enfòmasyon sou kilè ak ki kote w ap pran egzamen SHSAT a. Asire w pote tikè w la avèk ou nan egzamen an.

Ou gen kesyon sou enskripsyon an?

- Jwenn plis enfòmasyon nan [schools.nyc.gov/SHS](#)
- Pale avèk konseye lekòl ou a oswa kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#) (Family Welcome Center, FWC). Nou la pou ba w sipò.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv